

Transportation Transformation

N ap konekte Kominote yo Grasa Chwa Transpòtasyon

ETID SOU PLANIFIKASYON NAN AMENAJMAN ONIVO TRANSPÒTASYON/ DEPLASMAN SOU UNIVERSITY DRIVE



MPO lanse yon etid sou transpòtasyon ak kalite lavi a pou University Drive, youn nan koridò nò-sid ki pi kritik nan Broward yo. Seksyon etid la konsantre l sou University Drive apati Westview Drive nan Coral Springs pou rive apeprè nan Miami Gardens nan Miami-Dade County. Y ap detèmine limit final nan direksyon sid pou etid la dapre rezilta analiz ak kowòdinasyon anplis k ap fèt avèk ajan Miami-Dade County yo. Etid sa a ap fèt an kolaborasyon avèk Depatman Transpòtasyon Florida (Florida Department of Transportation), Sistèm Transpòtasyon Broward County (Broward County Transit), Sistèm Transpòtasyon Miami-Dade (Miami-Dade Transit), Enstans Rejyonal pou Transpòtasyon nan Sid Florida (South Florida Regional Transportation Authority), ak Vil ak Vilaj ki sou tout longè koridò University Drive la.

Etid la pral idantifye solisyon pou **ogmante opsyon nan domèn depasman, jere konjesyon trafik** e li pral eseye amelyore atravè rekòmandasyon l yo **kalite lavi** ki genyen sou University Drive. Nou pral devlope ak evalye yon seri opsyon potansyèl pou adrese pwoblèm sa yo. Evalyasyon n ap fè a ap kouvri fason pou nou pi byen konekte diferan mwayen transpòtasyon yo, epi tou n ap idantifye ki kote nou ka plase nenpòt sèvis transpòtasyon ke n ap amelyore, ansanm avèk enstalasyon pou pyeton ak siklis.

Pami jan de amenajman etid sa a pral konsidere yo, ap genyen:

- Amelyore eksperyans tout moun lè y ap deplase;
- Amelyore fasilite ak konfò moun jwenn nan sèvis transpòtasyon an;
- Amelyore sekirite ak konfò pou siklis ak pyeton yo; epi
- Ankouraje devlopman k ap fasilite moun deplase apye e k ap fasilite transpòtasyon.

Di nou sa w panse, ale nan sit entènèt la nan UniversityDriveImprovements.org oswa vin patisipe nan youn nan sesyon enfòmasyon piblik nou pral genyen yo.

25 jen - Oditoryòm nan Northwest Regional Library

3151 North University Drive Coral Springs, FL 33065
(apatide 5PM a 7PM, ap gen yon prezantasyon k ap kòmanse a 6PM pou 6:30PM)


27 jen - Lauderhill City Hall, Sal 134-135

5581 West Oakland Park Boulevard Lauderhill, FL 33313
(apatide 5PM a 7PM, ap gen yon prezantasyon k ap kòmanse a 6PM pou 6:30PM)

9 jiyè - El Palacio Sports Hotel, nan Sal kote yo fè Bal (Ballroom) ki nan 9yèm Etaj la


21485 NW 27 Avenue Miami Gardens, FL 33056
(apatide 5PM a 7PM, ap gen yon prezantasyon k ap kòmanse a 6PM pou 6:30PM)

Si w gen nenpòt kesyon, kontakte Roxana Ene, Manadjè Pwojè a, nan (954) 876-0042 oswa voye yon imèl ba li nan ener@browardmpo.org.



KISA KI LADAN L

- Pwogram pou Antrepriz ki Defavorize
- Dènye Enfòmasyon sou Angajman 2040
- Inisyativ "Complete Streets" nan Broward County
- Èske W te Konnen?



Vis-Majistra Richard Blattner
Prezidan, Broward MPO
Vil Hollywood, Distrik 4

Mesaj Prezidan an

Byenke MPO a reyini chak mwa, e nou gen Komite Egzekitif ak Jesyon, atouts a li etonan pou wè lis pwojè n ap travay sou yo a. Ou pral wè plizyè ladan yo nan bilten enfòmasyon sa a.


Antanke yon konsèy finansman ak règleman endepandan, manm nou yo reprezante chak vil nan konte a, ansanm avèk gouvènman konte a, e nou sousye nou vizavi responsabite nou genyen pou nou pran desizyon ki afekte, defason pozitif, jan moun deplase; nou toujou sonje nesite pou kreye travay epi pou bay kominote nou yo plis fòs nan lavni. Yon konsiderasyon enpòtan nou fè lè n ap reflechi se enpak desizyon nou yo ap genyen sou konte ki toupre nou yo. Kolaborasyon ak kowoperasyon nan nivo rejyonal sa a se yon bagay ki esansyèl. Manm nou yo, anplwaye nou yo ak konsiltan nou yo gen kontak sere avèk Miami-Dade ak Palm Beach, ansanm avèk Tri-Rail, Depatman Transpòtasyon Florida

(Florida Department of Transportation), Sistèm Transpòtasyon Broward County (Broward County Transit), chemennfè nan Kòt Lès Florida (Florida East Coast railroad); nenpòt sèvis ki pèmèt moun ak machandiz deplase.

Atravè "Angajman 2040 (Commitment 2040)" ak lòt inisyatif n ap ankouraje konvèsasyon avèk kominote nou yo ansanm ak rezidan nou yo pou yo ede nou pran pi bon desizyon ki posib. Tanpri ale sou sit entènèt nou an pou w sa swiv pwogrè n ap fè.

Alòske n ap valse pi devan, li pral enpòtan pou MPO a pozisyon l defason pou l sa reyisi fè konkirans pou lajan federal ki limite e ki disponib yo, e pou n fè sa n ap gen pou nou pran kontak avèk politisyen ki pran desizyon sou règleman yo ki ni nan Washington D.C. ni nan Tallahassee. Nan optik sa a, Konsèy MPO a etabli yon kontribisyon lokal opsyonèl ki se 5 santim pou chak abitan kòm frè pou manm apatide Ane Fiskal 2014 la. Frè pou manm sa a pral pèmèt Konsèy la gen lajan li bezwen an pou li ka asire l n ap pozisyonnen pou nou sa fè konkirans avèk lòt rejyon atravè Lèzetazini.

INISYATIF "COMPLETE STREETS" NAN BROWARD COUNTY



MPO ap kontinye jwe yon wòl antanke lidè nan enplemantasyon inisyatif "Complete Streets (Ri Konplè)" nan Broward. Vizyon nou genyen an se pou kreye yon rezo transpòtasyon ki san danje e ki efikas, epitou ki ankouraje lasante ak depasman tout rezidan ak vizitè yo, nan sans ke l ap ofri aksè kalite siperyè nan plizyè fason (pou pyeton, bisiklèt, transpò piblik ak machin) atravè Broward.

MPO te andose Direktiv pou inisyatif "Complete Streets (Ri Konplè)" (Complete Streets Guidelines) le 12 jiyè 2012 pou fasilite epi ede vil yo pou yo enplemannte inisyatif "Complete Streets (Ri Konplè)"

a. Li sèvi kòm yon modèl yo ka adopte, modifye, pèsonalize, oswa devlope selon sa chak kominote bezwen ak sa yo mande.

Aktyèlman, n ap devlope yon modèl Règleman ak modèl Plan pou inisyatif "Complete Streets (Ri Konplè)" a. Règleman ak plan sa a pral sèvi kòm gid pou vil yo lè y ap revize règleman ki deja anplas yo konsa sa va ede yo lè y ap enplemannte inisyatif "Complete Streets (Ri Konplè)" a. Yo pral ede idantifye ak etabli priorite pou koridò "Complete Streets" yo, konsa sa va fasilite finansman ak konstriksyon pwojè yo.

Anplisdesa, nou idantifye de (2) pwojè demonstrasyon. Rezon ki fè nou fè sa a, se paske yon inisyatif "Complete Street (Ri Konplè)" nan yon zòn banlye ka pa menm ak yon inisyatif "Complete Street (Ri Konplè)" nan yon zòn iben oswa nan zòn anba lavil la, sepandan toulède konsewa selon menm prensip yo. Lè nou konsidere rezon sa a, men de (2) pwojè nou chwazi pou nou analize:

**Hollywood Boulevard apatide
S. 26th Avenue
jouk rive Dixie Highway
(milye iben)**

**Sunset Strip apatide
NW 72 Avenue jouk rive
NW 19 Street
(milye banlye)**

Toulède koridò sa yo akomode tout mòd transpòtasyon. MPO gen entansyon asosye l avèk vil yo pou enplemannte pwojè "Complete Streets (Ri Konplè)". Tanpri, ale sou sit entènèt nou an nan www.browardcompletestreets.org si w bezwen plis enfòmasyon.

DÈNYE ENFÒMASYON SOU PWOGRAM POU ANTREPRIZ KI DEFAVORIZE (DBE)

Tou lòt jou la a, MPO mete Pwogram DBE l la ajou. Se règleman MPO a pou ankouraje tout biznis ki kalifye pou yo patisipe aktivman nan apwovizyonman tout kontra MPO finanse yo. Objektif MPO fikse kounye a pou patisipasyon DBE se pou 6,1 pousan nan fon federal ki repati atravè kontra Asiste Depatman Transpòtasyon Lèzetazini (U.S.

Department of Transportation Assisted : FTA) nan rejyon an ale jwenn DBE yo. W ap jwenn pwogram avril 2013 ki ajou a sou sit entènèt ki nan lyen ki pi ba a epi l ap ankouraje tout moun pou yo fè kòmantè sou pwogram nan.

www.browardmpo.org/programs/title-vi-dbe

EFÒ NAN EDIKASYON AK AKTIVITE SOSYAL



(Fort Lauderdale 2nd Annual Transportation Summit) ki te fèt anba lavil Fort Lauderdale. Greg te fè yon prezantasyon sou plizyè pwogram ak pwojè ki deja kòmanse nan MPO a. Anplisdesa, Chris Ryan ak Priscila Clawges te gen yon estann nan koulwa egzibisyon an pou enfòmasyon ak edike patisipan yo sou MPO (w ap wè toulède foto yo pi ba a).



Le 12 ak 25 mas, Chris Ryan, Ofisye Enfòmasyon Piblik/Kowòdonatè Tit VI la te pale avèk etidyan nan kolèj nan Fakilte Planifikasyon Ibèn ak Rejyonal nan FAU (FAU School of Urban and Regional Planning) (w ap wè foto a pi wo a). Objektif evènman sa yo se te pou fè elèv yo entere a wòl ak fonksyon MPO a. Li te konsantre l sou enpòtans ki genyen lè ou entere piblik la nan diferan pwogram yo genyen epitou li te ba yo enfòmasyon sou **Angajman 2040 (Commitment 2040)**.

Le 15 me, yo te envite Direktè Egzekitif la, Greg Stuart pou l vin pale kòm oratè nan Zzyèm Somè Anyèl sou Transpòtasyon nan Fort Lauderdale

PWOGRAM POU AMELYORASYON TRANSPÒ

Pwogram pou Amelyorasyon Transpò (Transportation Improvement Program, TIP) se yon pwogram senkan ki bay finansman pwojè k ap amelyore transpò nan rejyon an, priyorite. Pwojè nou make pi ba a se yo nou gen entansyon konstwi sou peryòd senkan TIP a. Tout kalite mwayen depasman enkli nan TIP a, tankou transpò piblik, wout, bisiklèt, pyeton, transpò machandiz, pò ak vwa piblik. Odyans Piblik pou dènye enfòmasyon sou TIP a planifye pou:

- Komite Kowòdinasyon Teknik, 26 jen 2013 a 2:30 p.m.
- Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè, 26 jen 2013 a 6:00 p.m.
- Reyinyon Konsèy Broward MPO, 11 jiyè 2013 a 9:30 a.m.

Yo pral òganize tout reyinyon yo nan biwo Broward MPO, nan lokal Trade Centre South la, ki nan 100 Cypress Creek Road, Swit 850, Fort Lauderdale.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou pwogram TIP a, e si w vle vizite TIP entèyaktif la, ale sou sit entènèt la nan www.browardmpo.org/programs/transportation-improvement-program oubyen rele Roxana Ene nan (954) 876-0042

DÈNYE ENFÒMASYON SOU ANGAJMAN 2040 (COMMITMENT 2040)



move people • create jobs • strengthen communities

MPO te òganize yon seri sesyon enfòmasyon (w ap wè foto a adwat) atravè Broward nan kad **Angajman 2040 (Commitment 2040)**, ki se Plan Alontèm pou Transpòtasyon (LRTP) l la. Grasa a yon metòd sondaj an tan reyèl ki inik, piblik la te kapab bay opinyon yo epi ede kontribye pou avni transpòtasyon nan konte a ak nan rejyon an.

Te gen otototal 18 manm Konsèy ak 84 manm nan kominote a ki te patisipe ansanm avèk reprezantan MPO yo, epi yo te reponn yon total 34 kesyon ki te kouvri plizyè sijè divès. Kesyon sa yo te pèmèt patisipan sesyon enfòmasyon an ansanm avèk otorite eli yo pou yo pran desizyon difisil konsènan avni transpòtasyon nan Broward. W ap jwenn rezilta sondaj an tan reyèl la sou sit entènèt **Angajman 2040 (Commitment 2040)** la, kote w ap jwenn tou dènye enfòmasyon sou plan transpòtasyon an.

Anplisde prezantasyon entèyaktif yo, patisipan yo te gen opòtinite pou yo te reponn kesyon ki te nan sondaj pou



Angajman 2040 (Commitment 2040) la sou entènèt oswa alekri. Te gen plis pase 1.100 moun ki te bay opinyon yo atravè sondaj "eksperyans nan depasman" pwojè a. Si w pat kapab patisipe nan sesyon enfòmasyon yo, w ap gen lòt opòtinite pou patisipe pi devan. Nou pral kontinye òganize reyinyon epi n ap distribye sondaj pandan tout sezon ete ak otòn lan etan plan an ap devlope.

Tanpri, di nou si sistèm transpòtasyon nou genyen kounye a ap mache pou ou epi di nou ki sa w panse sou fason nou ka amelyore l; pou fè sa, ale sou sit entènèt nou an nan www.Commitment2040.org. Tanpri, pataje lyen sa a avèk zanmi w ak fanmi w. Patisipasyon w pral ede MPO a devlope yon sistèm transpòtasyon ki solid e ki divès.

PATISPE. KENBE KONTAK.



Eskane Kòd QR sa a pou ale sou
sit entènèt nou an www.browardMPO.org

REYINYON KI PLANIFYE

	Jiyè 2013	OUT 2013	SEPTANM 2013	OKTÒB 2013
Òganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metwopolitèn nan Broward (MPO) <i>Rankontre chak 2zyèm jedi a 9:30 a.m.</i>	11	Pa gen reyinyon	12	10
Komite Kowòdinasyon Teknik (TCC) <i>Rankontre chak 4yèm mèkredi a 2:30 p.m.</i>	Pa gen reyinyon	28	25	23
Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR) <i>Rankontre chak 4yèm mèkredi a 6 p.m.</i>	Pa gen reyinyon	28	25	23
Konsèy Administrasyon pou Kowòdinasyon nan Broward County (BCCB) <i>Rankontre chak 3zyèm lendi a 2 p.m. lè yo planifye l</i>	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	23*	Pa gen reyinyon

* Dat sa yo chanje akòzde konje oswa konfli

Yo òganize tout reyinyon yo nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room) la, Swit 850, nan lokal Trade Centre South la.

N ap ankouraje patisipasyon piblik la kèlkeswa ras li, koulè po li, orijin natif natal li, laj li, sèks li, relijyon ni, andikap li oswa estati famiyal li. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si w gen pwoblèm pou tande, telephone nan 1 (800) 273-7545 (TDD).

Si w bezwen plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si w gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa si w gen demann espesyal selon ADA, tanpri kontakte:

**Christopher Ryan, Ofisye Enfòmasyon Piblik/
Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa
ryanc@browardmpo.org.**

ÈSKE W TE KONNEN?

Sistèm Transpòtasyon Broward County (Broward County Transit) ofri granmoun ki aje ak lòt moun ki gen andikap, fòmasyon sou kouman pou yo itilize sèvis trajè fiks nan otobis

TRAVEL TRAINING



Pou plis enfòmasyon sou Fòmasyon BCT sou Trajè, ale nan sit entènèt la nan broward.org/bct oswa kontakte Anseyan ki fè Fòmasyon sou Trajè a, nan 954-357-7705. Pou moun ki gen pwoblèm pou tande oswa pou pale/TTY, rele nan 954-357-8302.